



## Kòz ak Efè yo

Etid rechèch yo fè konnen ke itilizasyon ak abi dwòg ak/oswa alkòl se faktè ki kontribye pi souvan nan aksidan ki ka lakòz lezyon serebral.

Lè abi dwòg ak/oswa alkòl kontinye aprè yon lezyon serebral twomatik, efè negatif yo miltiplaye e sa ka lakòz lezyon serebral twomatik la pran plis tan pou l geri, plis pwoblèm ekilib, li pi difisil pou w mache ak pale, konpòtman agresif epi ki pa sosyab yo vinn ogmante epi yo rive pi souvan, epi sa ka bay plis pwoblèm konsantrasyon ak memwa.

Abi dwòg ak/oswa alkòl rann depresyon mantal pi mal epi li ka ogmante risk pou w fè kriz tou. Abi dwòg ak/oswa alkòl ogmante pwobablite pou w soufri yon lòt lezyon serebral twomatik tou.

## Enfòmasyon ak Resous Yo

Premye etap you moun ki soufri depresyon oswa abi dwòg ak/oswa alkòl dwe pran, se pou yo rekonèt ke yo genyen yon pwoblèm.

Si ou menm oswa yon moun ki chè pou ou gen siy depresyon oswa si alkòl oswa itilizasyon lòt dwòg mete yo nan pwoblèm finansyè, legal, medikal oswa lòt pwoblèm, li lè pou w chache asistans (mande èd).

Asosyasyon pou Lezyon Serebral Massachusetts la (BIA-MA) ka ba ou enfòmasyon ak resous sou sikiyat, sikoterapèt, sant reyabilitasyon yo, pwogram pou abi dwòg ak/iswa alkòl, ak plis ankò.

Kesyon? Rele liy pou Enfòmasyon ak Resous sou Lezyon Serebral Twomatik pou Moun Aje yo BIA-MA nan (844) 839-7154 oswa imèl [elders@biama.org](mailto:elders@biama.org).



Komisyon pou Reyabilitasyon nan Massachusetts (oswa MRC), atravè pwogram pou domaj nan tèt ki toupatou nan eta a (oswa SHIP), pwopoze pwojè pou "Amelyore Sistèm Swen Pou Moun aje ki Soufri Lezyon Serebral Twomatik nan MA".

Yo te mete pwojè sa sou pye pou ranpli objektif pwogram patenarya sou lezyon serebral twomatik ke administrasyon sèvis resous sante ap enplemente toupatou nan eta. MRC ap sèvi tankou ajans prensipal k ap jere finansman pwojè sa a.




BIA-MA se yon òganizasyon prive, san bi likratif ki founi: **Sipò** pou reskape ki soufri lezyon serebral ansanm ak fanmi yo; **pwogram prevansyon** pou publik la; **fòmasyon** pou pwofesyonèl yo, epi tout lòt moun lezyon serebral afekte; epi **defann enterè lejislatif** pou lwa sou sekirite ak amelyorasyon sèvis kominotè pou reskape yo.

BIA-MA an kolaborasyon avèk komisyon reyabilitasyon Massachusetts la (MRC), Ministè Sante Piblik (DPH), Rejis otomobil (RMV), Biwo Administratif pou Zafè Moun Aje yo (EOEA) ak lòt asosyasyon pou prevni kont lezyon serebral epi ki founi sèvis bay reskape yo.

"Pwojè sa a resevwa sibvansyon nan men Administrasyon Sèvis ak Resous Sante (HRSA) daprè don H21MC26927 ki pou "amelyore sistèm swen pou moun aje ki soufri lezyon serebral twomatik nan MA," pou plis pase 1 milyon ak 0 lòt sous finansman ki pa soti nan men gouvènman. Enfòmasyon, oswa kontni ak konklyzion sa yo se daprè otè a sèlman, yo pa dwe entèprete yo tankou pozisyon oswa politik ofisyèl, oubyen andòsman HRSA, HHS, oubyen Gouvènman Etazini an."

Substance Abuse & Depression - Haitian Creole - May 2016

# Abi Dwòg Ak/Oswa Alkòl Ak Depresyon Mantal Moun Aje



## Enfòmasyon Sou Lezyon Serebral Twomatik Pou Moun Aje

844-839-7154 | [www.biama.org/elders](http://www.biama.org/elders)



Pou rekipere epi viv avèk efè ke lezyon serebral twomatik koze kapab vreman difisil. Yon lezyon serebral twomatik kapab chanje lavi yon moun pou tou tan. Souvan, moun ki soufri lezyon serebral twomatik soufri depresyon mantal tou, oswa yo gen difikilte avèk abi dwòg ak/oswa alkòl, nenpòt nan yo te kapab yon pwoblèm deja depi anvan lezyon serebral la.

## Depresyon Mantal

Depresyon mantal se yon kondisyon ki komen, souvan li ka fè yon moun depafini, epi pafwa li ka mòtèl. Depresyon mantal menm pi komen pou moun ki soufri lezyon serebral twomatik, plis pase rès popilasyon jeneral la. Rechèch pwouve ke yon lezyon serebral ogmante pwobablite yon moun ka soufri depresyon mantal. Pou moun ki soufri yon lezyon serebral twomatik, pwoblèm lavi nòmal yo vin pi grav avèk depresyon mantal.

*Moun ki soufri lezyon serebral twomatik gen yon risk ki pi elve pou yo touye tèt yo: Moun ki soufri depresyon mantal gen yon risk ki pi elve pou touye tèt yo tou, to swisid pi elve nèt pamí moun ki aje yo.*

*-Selon Fondasyon Ameriken pou Prevansyon Swisid*

## Siy ak Sentòm yo

Chak moun fè eksperyans depresyon mantal yon fason diferan. Gen moun ki santi yo fatige anpil anpil oswa yo pèdi apeti, tandiske gen lòt moun ki vin an kòlè. Depresyon mantal kapab rann prezantasyon sentòm mantal yo vin pi mal.

Sentòm fizik yo:

- Chanjman nan abitid somèy ou yo
- Chanjman nan apeti yo
- Fatig

Sentòm emosyonèl yo:

- Anpil anpil tristès
- Yo santi yo dezespere
- Yo ka enève fasil

Chanjman nan konpòtman yo:

- Yo paka jwi aktivite ki conn fè yo plezi
- Yo izole tèt yo
- Yo pa pran swen kò yo oswa yo pa prete atansyon a aparans yo

## Abi Dwòg ak/oswa Alkòl

abi dwòg ak/oswa alkòl gen yon gwo enpak nan lavi yon moun. Rechèch montre ke lè yo mete lezyon serebral twomatik ansanm ak abi dwòg ak/oswa alkòl, yo gen pi move efè sou sèvo a pase nenpòt youn nan yo ki itilize apa.

Dapre enfòmasyon konsènan lè yo mele alkòl ak lezyon serebral twomatik jan yo afekte sèvo a, Asosyasyon Ameriken pou Lezyon Serebral la konkli ke **pa gen okenn kantite alkòl yon moun ki soufri lezyon serebral ka bwè san danje**.

Apa de konsiderasyon legal yo, dwòg ak alkòl ka reyaji ak medikaman yo preskri yo epi yo ka koze plis pwoblèm toujou. Yo pa konseye pou pran plis pase vale medikaman yo preskri a, paske sa se yon lòt fòm abi dwòg li ye.

## Tretman ak Rekiperasyon

**Manm fanmi ak zanmi** jwe yon wòl enpòtan nan ede moun ki soufri depresyon mantal oswa ki mal itilize medikaman yo, dwòg ak/oswa alkòl. Yo dwe ofri sipò, san yo pa kritike moun nan. Pa egzanp, yo ka ede l'jwenn enfòmasyon ak resous ki nan kominate a, yo ka ankouraje moun nan pwograme yon premye randevou oswa ale nan yon reyinyon pou premye fwa, ak ofri yo transpò.

**Reskape** yo remake apre yon lezyon serebral twomatik, egzèsis tankou fè ti mache, fè yo santi yo pi byen. Lòt mezi ki ka ede redwi depresyon gen ladan yo metòd ki pa klinik, men ki ka ede yon moun geri tankou biofeedback, ipnosis, masaj, yoga, tai chi, volontarya, ak lòt aktivite ki byen òganize tankou ale swiv yon kou, oswa ale nan sèvis espirityèl (tankou legliz).

**Pi fò doktè kwè** ke teknik yo itilize pou trete moun ki soufri abi dwòg ak/oswa alkòl nan popilasyon jeneral la, yo kapab itilize menm tretman sa yo pou trete moun ki soufri lezyon serebral twomatik. Men, yo ka bezwen founi kèk aranjman espesyal pou pran swen bezwen moun ki soufri lezyon serebral twomatik yo. Metòd tretman ki pi komen yo enkli entèvansyon motivasyonèl, terapi konpòtmantal e mantal, gwoup sipò pou depandans, oswa ódonans pou pran medikaman.

